मिलट महथा आदर्श महाविद्यालय, कटेढ़ी, दरभंगा (L.N.M.U)

मैथिली प्रतिष्ठा
स्नातक - तृतीय खण्ड
पंचम पत्र :- मैथिली साहित्यक इतिहास
(आधुनिक काल मात्र)

नरेश कुमार
सहायक प्राचार्य
मैथिली विभाग
दिनांक - 10/07/2020

व्याख्यानक संक्षिप्त अंश

दोसर भाग

प्रश्न : 1. मैथिली साहित्यक इतिहासक काल - विभाजन विषयपर समीक्षा करू।

उत्तर :- डॉ॰ मिश्र 'मैथिली भाषा ओ साहित्य' मे अपन विचार पुन: रूढ़ि रुपेँ व्यक्त कैलनि अछि -

1. आदिकाल - 1000 सँ 1600 ई॰
2. मध्यकाल - 1600 सँ 1860 ई॰
3. आधुनिक काल - 1860 सँ अद्यपर्यन्त।

स्व॰ कुमार गंगानन्द सिंह अपन 'मैथिली साहित्यक प्रगति' शीर्षक निबन्धमे मैथिली साहित्यक काल - विभाजन निम्न रुपेँ प्रस्तुत कैलनि अछि

(1) आदिकाल - 800 - 1300 ई॰
(2) मध्यकाल - 1300 - 1800 ई॰
(3) आधुनिक काल - 1800 - अद्यपर्यन्त।

डॉ॰ सुभद्र झा अपन पुस्तक Formation of Maithili Language मे निम्न रुपक काल विभाजन प्रस्तुत कैलनि अछि -

1. Old Maithili - A.D. 1000 to A.D. 1300
2. Middle Maithili - A.D. 1300 to A.D. 1800
3. Modern Maithili - A.D. 1800 to onward.

P T O →

कुमार साहेब तथा सुभद्र झाक आदिकालक सम्बन्धमे मतभिन्नता छनि, मुदा मध्यकालक तथा आधुनिक कालक सम्बन्धमे दुहू गोटेक मतसाम्य छनि।

डॉ जयकान्त मिश्र काल-विभाजनक सम्बन्धमे अपन History of Maithili Literature मे निम्न मत व्यक्त करैत छथि -

(a) Early period - 300 to 1600

(b) Middle period - 1600 to 1860

(c) Modern period - 1860 to the present day.

आचार्य रमानाथ झा डॉ० दुर्गानाथ झा 'श्रीश'क मैथिली साहित्यक इतिहास'क भूमिकामे कहने छथि जे काल विभाजनक समस्या पर कोनहुँ आचार्यक मतसँ हमरा संतोष नहि अछि। आचार्य झा वस्तुतः मैथिली साहित्यक दुइए गोट युगक मानैत छथि -

(क) विद्यापतिक युग - कृष्णकाव्यक युग वा प्राचीन युग

(ख) चंदा झाक युग - रामकाव्यक युग वा नवीन युग

डॉ० बालगोविन्द झा 'व्यथित' अपन मैथिली साहित्यक इतिहास'मे काल-विभाजनक प्रसंग एहि रूपक विचार उपस्थित कैने छथि -

(क) आदिकाल- 1325 ई० सँ पूर्वकाल

(ख) मध्यकाल- 1325 सँ 1860 ई०

(ग) आधुनिककाल - 1860 ई० सँ अद्यपर्यन्त।

डॉ० शैलेन्द्रमोहन झा 'आधुनिक मैथिली साहित्यक विकास' नामक शोध प्रबन्धमे मैथिली साहित्यक काल-विभाजन एहि रूपेँ कैने छथि -

10/07/2020